

## Pran Prekosyon ou ak Plon!

Èske OU konnen kote plon ka kache?



**Plon se metal** ki kapab fè timoun ak adilt yo mal. Timoun yo ka pa sanble malad oswa yo ka pa aji kòm timoun ki malad, men yon tès san kapab montre yo pran nan anpwazònman plon. Sa kapab nuizib pou kwasans yo, konpòtman yo, ak mwayen yo pou yo aprann. Plon kapab yon pwoblèm pou adilt yo, sitou pou fanm ansent ak tibebe yo.



Lè **penti abaz plon ki lakay ou** fann oswa dekale, li kapab lage ti moso oswa fè pousyè plon. Timoun yo ranmase ti moso plon sa yo ak pousyè plon an lè y ap rale sou planche a oswa yo mete men oswa jwèt yo nan bouch yo. Timoun yo kapab pran nan anpwazònman plon nan fason sa a.

Èske ou konnen **kèk medikaman, epis, pwodui kosmetik, ak manje ki soti nan lòt peyi yo kapab gen plon tou?** Plon ki nan pwodui sa yo lakòz timoun yo vin malad. Ka gen lòt pwodui nou poko konnen si yo gen plon pou kounye a. Yo ka vann yo nan boutik ki nan katye ou, oswa zanmi ou oswa manm fanmi ou ka pote yo vini apre yo vwayaje.

## Medikaman ak lòt pwodui ki ka gen plon:



**Epis** ki soti nan Mwayennoryan, Amerik Latin, Lend ak Lachin kapab gen plon.



**Pwodui komestik** kapab gen plon tou. Kohl (ki rele surma oswa kajal), se yon egzanp. Yo itilize pou li pou ranfòse zye.



Anpil kalite **bonbon** ki soti tout kote nan lemond kapab gen plon ladan yo.




Remèd Fèy ak **Medikaman** Aryuvedic ki soti nan Mwayennoryan, Amerik Latin, Lend ak Lachin kapab gen plon.

Imaj Koutwazi Depatman Sante VII New York (New York City Department of Health)

## **Pomad ak pat** ki soti nan Etazini kapab gen plon:



**Yisaoguang Yaoguo** se yon pomad ki soti nan peyi Lachin yo itilize pou trete gratèl sou po.



**Hondan** se yon poud yo itilize souvan kòm yon pomad pou chofe ak po sèk.



**Thanaka** se yon pomad oswa yon pat ki soti nan peyi Bimani yo fè avèk pyebwa epi yo itilize li kòm filt solè pou pwoteje po.

## **Potri vèni** ka gen ladann plon epi yo pa dwe itilize yo pou prepare manje ni pou sèvi manje.



**Lansan ak kè chandelye** kapab gen plon. Plon kapab nan chabon, "unsi", ak lòt lansan ou boule lakay ou ak nan kèk mèch chandèl.



**Bijou metal**, tankou sa ki annò oswa annajan, kapab gen plon. Timoun yo pa ta dwe janm mete bijou metal nan bouch yo.



Imaj Koutwazi Depatman Sante Vil New York (New York City Department of Health)

## **Kontakte** doktè ou, Depatman Sante lokal ou, oswa manadjè dosye re-enstalasyon refijye si:

- Fanmi ou te itilize nenpòt nan pwodui sa yo oswa pwodui ki sanble ak pwodui sa yo.
- Ou gen kesyon sou nenpòt bagay ou wè nan imaj sa yo.
- Yon moun te ba ou yon nouvo medikaman oswa ou gen lòt kesyon sou si yon medikaman oswa pwodui bon pou tibebe ou oswa pitit ou.
- Kay ou gen penti ki fanm, k ap tonbe oswa ki dekalè.
- Ou pè pou pitit ou ka pran nan anpwazònman plon oswa pou li te ka ekspozè nan pwodui ki gen plon. Ou ta dwe teste san tout timoun, menmsi yo sanble pa gen pwoblèm.

